# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫНЫҢ НЫЗАМЫ

## ҒАЛАБА ХАБАР ҚУРАЛЛАРЫ ҲАҚҚЫНДА

**(жаңа редакция)**

Бул редакция 05.10.2007-ж. 161/III-санлы ҚР Нызамы менен тастыйықланған

### 1-БАП. Улыўма режелер

**1-статья. Усы Нызамның мақсети**

Усы Нызамның мақсети ғалаба хабар қуралларының шөлкемлестирилиўи, жумыс алып барыўы ҳәм жумысының сапластырылыўы саласындағы қатнасықларды тәртиплестириўден ибарат.

**2-статья. Усы Нызамның қолланылыўы саласы**

Усы Нызам Қарақалпақстан Республикасында шөлкемлестирилетуғын ҳәм жумыс алып баратуғын ғалаба хабар қуралларына, сондай-ақ сырт ел ғалаба хабар қуралларына олардың өнимлериниң Қарақалпақстан Республикасы аймағында тарқатылыўына байланыслы бөлегинде қолланылады.

**3-статья. Ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери**

Ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери усы Нызам ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлеринен ибарат.

Егер Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамасында Қарақалпақстан Республикасының ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылғанынан басқаша қағыйдалар белгиленген болса, халықаралық шәртнаманың қағыйдалары қолланылады.

**4-статья. Ғалаба хабар қураллары**

Ғалаба хабарды дәўирли тарқатыўдың турақлы атамаға ийе болған ҳәм баспа тәризде (газеталар, журналлар, хабарнамалар, бюллетеньлер ҳәм басқалар) ҳәм (ямаса) электрон түрде (теле-, радио-, видео, кинохроникалық бағдарламалар, улыўма пайдаланыўдағы телекоммуникация тармақларындағы веб сайтлар) алты айда кеминде бир мәрте басылатуғын ямаса эфирге берилетуғын (буннан былай текстте шығарылатуғын деп алынады) формасы ҳәм ғалаба хабарды дәўирли тарқатыўдың басқа да формалары ғалаба хабар қуралы болып табылады.

Қарақалпақстан Республикасында ғалаба хабар қураллары өз жумысын «Мәмлекетлик тил ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамына муўапық әмелге асырады.

**5-статья. Ғалаба хабар қуралларының еркинлиги**

Қарақалпақстан Республикасында ғалаба хабар қураллары еркин болып, өз жумысын усы Нызамға ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлерине муўапық әмелге асырады.

Ҳәр бир адам, егер нызамда басқаша қағыйда нәзерде тутылмаған болса, ғалаба хабар қуралларында шығыў, өз пикирин ҳәм исенимлерин ашық түрде билдириў ҳуқықына ийе.

Ғалаба хабар қураллары Нызам ҳүжжетлерине муўапық мәлимлеме излестириў, алыў, тарқатыў ҳуқықына ийе ҳәм тарқатылып атырған мәлимлемениң ҳақыйқатлығы және дурыслығы ушын белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

**6-статья. Ғалаба хабар қураллары еркинлигин пайдаланыўда қыянет етиўге жол қоймаў**

Ғалаба хабар қуралларынан:

Қарақалпақстан Республикасының Конституциялық дүзимин, аймақлық пүтинлигин зорлық пенен өзгертиўге шақырыў;

урыс, зорлық ҳәм терроризмди, сондай-ақ диний экстремизм, сепаратизм ҳәм фундаментализм идеяларын үгит-нәсиятлаў;

мәмлекетлик сыр болған мағлыўматларды ямаса нызам менен қорғалатуғын басқа да сырды жәрия етиў;

миллий, расалық, этник ямаса диний өшпенлиликти қозғаўшы мәлимлеме тарқатыў;

егер нызамда басқаша қағыйда нәзерде тутылмаған болса, гиябентлик затлар, психотроп нәрселер ҳәм прекурсорларды үгит-нәсиятлаў;

порнографияны үгит-нәсиятлаў;

нызамға муўапық жынаятлы ҳәм басқа да жуўапкершиликке себеп болатуғын басқа да ҳәрекетлерди ислеў мақсетинде пайдаланылыўына жол қойылмайды.

Ғалаба хабар қураллары арқалы пуқаралардың намысы ҳәм қәдир-қымбатына ямаса исшеңлик абыройына шек келтириў, жеке турмысына араласыў қадаған етиледи.

Прокурор, тергеўши ямаса сорастырыўшының жазба рухсатысыз сорастырыў ямаса дәслепки тергеў материалларын жәриялаў, белгили бир ис бойынша судтың қарары шықпастан алдын ямаса судтың қарары нызамлы күшке кирместен алдын оның нәтийжелерин болжаў ямаса судқа басқаша жол менен тәсир жасаў қадаған етиледи.

**7-статья. Цензураға жол қоймаў**

Қарақалпақстан Республикасында ғалаба хабар қураллары цензурасына жол қойылмайды. Жәрияланып атырған хабарлар ҳәм материаллар алдын-ала келисип

алыныўын, сондай-ақ олардың тексти өзгертилиўин ямаса пүткиллей баспадан алып тасланыўын (эфирге берилмеўин) талап етиўге ҳеш ким ҳақылы емес.

## II-БАП. Ғалаба хабар қураллары жумысын шөлкемлестириў

### 8-статья. Ғалаба хабар қуралын шөлкемлестириў ҳуқықы

Қарақалпақстан Республикасының юридикалық ҳәм физикалық шахслары ғалаба хабар қуралларын шөлкемлестириў ҳуқықына ийе.

Ғалаба хабар қуралы бир неше шөлкемлестириўши тәрепинен де шөлкемлестирилиўи мүмкин.

Төмендегилер ғалаба хабар қуралының шөлкемлестириўшиси (буннан былай текстте шөлкемлестириўши деп алынады) болыўы мүмкин емес:

18 жасқа толмаған шахс;

қастан ислеген жынаяты ушын судланғанлық жағдайы тамамланбаған ямаса судланғанлығы алып тасланбаған яки суд тәрепинен ҳәрекет қатнасықларына уқыпсыз деп табылған шахс;

жумысы нызам менен қадаған етилген мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкем.

Устав қорында сырт ел инвестицияларының үлеси отыз ҳәм оннан да аслам процентти қураған юридикалық шахслар тәрепинен ғалаба хабар қураллары шөлкемлестирилиўине жол қойылмайды.

### 9-статья. Шөлкемлестириў ҳүжжетлери

Ғалаба хабар қуралының шөлкемлестириў ҳүжжетлери шөлкемлестириў шәртнамасы ҳәм ғалаба хабар қуралы редакциясының (буннан былай тексте редакция деп алынады) уставынан (режесинен) ямаса тек ғана редакцияның уставынан (режесинен) ибарат болады.

### 10-статья. Шөлкемлестириў шәртнамасы

Шөлкемлестириў шәртнамасы бир неше шөлкемлестириўши арасында дүзиледи.

Шөлкемлестириў шәртнамасында төмендегилер нәзерде тутылады:

шөлкемлестириўшилердиң атамасы (фамилиясы, аты, әкесиниң аты) ҳәм жайласқан орны (почта мәнзили);

шөлкемлестирилип атырған ғалаба хабар қуралының түри, атамасы, тили, мақсети, қәнигелесиўи ҳәм шығыў жийилиги;

редакцияның шөлкемлестириў-ҳуқықый формасы;

редакцияның уставлық қорының муғдары ҳәм қәлиплестириў тәртиби;

редакцияны қаржыландырыў дәреклери;

шөлкемлестириўшилердиң редакция жумысында қатнасыўы бойынша ҳуқық ҳәм миннетлемелери;

редакцияның басқарыў уйымларын қәлиплестириў тәртиби;

пайданы бөлистириў ҳәм зыянлардың орнын толтырыў тәртиби;

ғалаба хабар қуралы шығарылыўын тоқтатып турыў ямаса тоқтатыў тәртиби;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да шәртлер.

**11-статья. Редакция уставы (режеси)**

Редакция нызам ҳүжжетлерине муўапық қабыл етилген ҳәм шөлкемлестириўши тәрепинен тастыйықланған устав (реже) тийкарында жумыс алып барады.

Редакция уставында (режесинде) төмендегилер белгиленеди:

ғалаба хабар қуралының түри, атамасы, тили, мақсети, қәнигелесиўи, шығыў жийилиги ҳәм көлеми;

редакцияның жайласқан жери (почта мәнзили);

шөлкемлестириўши ҳәм редакцияның ҳуқық ҳәм миннетлери;

редакцияны қаржыландырыў дереклери;

редакцияның басқарыў уйымларын қәлиплестириў тәртиби;

пайданы бөлистириў ҳәм зыянлардың орнын толтырыў тәртиби;

ғалаба хабар қуралы шығарылыўын тоқтатып турыў ямаса тоқтатыў тийкарлары ҳәм тәртиби;

редакцияны қайта шөлкемлестириў ҳәм сапластырыў тәртиби;

уставты (режени) қабыл етиў ҳәм оған өзгерислер киргизиў тәртиби;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқада қағыйдалар.

**12-статья. Шөлкемлестириўши ҳәм редакция арасындағы шәртнама**

Шөлкемлестириўши ҳәм редакция арасындағы шәртнамада төмендегилер белгиленеди:

шөлкемлестириўши ҳәм редакцияның ҳуқық ҳәм миннетлери;

ғалаба хабар қуралын таярлаў ҳәм шығарыў шәртлери;

редакцияның жумысын қаржыландырыў тәртиби;

редакция хызметкерлериниң өндирислик ҳәм социаллық-турмыслық, мийнет шараятларын дүзиў тәртиби;

үшинши шахслар менен өз-ара қатнасықлар тәртиби;

тәреплердиң жууапкершилиги;

нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да шәртлер.

Егер шөлкемлестириўши ҳәм редакция сыпатында бир шахс жумыс алып барса, шәртнама дүзиў талап етилмейди.

**13-статья. Шөлкемлестириўшиниң ҳуқықлары**

Шөлкемлестириўши:

ғалаба хабар қуралының дизимнен өткерилген атамасынан пайдаланыў ҳәм оған бийлик етиў;

редакцияның басқарыў уйымларын қәлиплестириўде шөлкемлестириў шәртнамасы, редакция уставы (режеси) ҳәм нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте қатнасыў;

пайданы бөлистириўде ҳәм зыянның орнын өтеўде қатнасыў;

ең үлкен көлеми ҳәм шығарылатуғын мүддети редакция уставына (режесине) ямаса шөлкемлестириўши ҳәм редакция арасындағы шәртнамаға муўапық белгиленетуғын, реклама түринде болмаған хабар ямаса материалды өз атынан ғалаба хабар қуралында бийпул жайластырыў;

редакцияның жумысы тоқтатылған жағдайда кредиторлар менен есапласқаннан соң қалған мүлкти ямаса оның қунын нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған тәртипте алыў ҳуқықына ийе.

Шөлкемлестириўши нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да ҳуқықларға ийе болыўы мүмкин.

### 14-статья. Шөлкемлестириўшиниң миннетлери

Шөлкемлестириўши:

редакцияны шөлкемлестириўи;

редакция уставын (режесин) тастыйықлаўы;

редакция менен шәртнама дүзиўи;

ғалаба хабар қуралының шығарылыўын тәмийинлеўи;

ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине бойсынылыўын тәмийинлеўи;

шөлкемлестириўшиниң уставлық қоры өзгергенлиги ҳаққында, егер уставлық қорында сырт ел инвестициялары үлеси усы Нызамның 8-статьясының төртинши бөлиминде нәзерде тутылған шегарадан асып кеткен болса, ўәкилликли мәмлекетлик уйымды (буннан былай текстте дизимнен өткериўши уйым деп алынады) хабардар етиўи шәрт.

Шөлкемлестириўшиниң жуўапкершилигинде нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа да миннетлер болыўы мүмкин.

### 15-статья. Редакция

Редакция ғалаба хабар қуралының шығарылыўын әмелге асырыўшы юридикалық шахс ямаса юридикалық шахстың структуралық бөлимшеси болып табылады.

Редакция нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған ҳәр қандай шөлкемлестириў – ҳуқықый формада дүзилиўи мүмкин.

Редакция өз кәсиплик жумысында ғәрезсиз болып табылады.

Редакция бас редактор ҳәм редакция хызметкерлеринен ибарат болыўы мүмкин.

Редакция ғалаба хабар қуралы мәмлекетлик дизимнен өткерилгеннен кейин өз жумысын баслаўы мүмкин.

Редакцияның жумысын қаржыландырыў нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

**16-статья. Бас редактор**

Бас редактор шөлкемлестириўши тәрепинен лаўазымға тайынланады ҳәм лаўазымынан босатылады.

Бас редактор редакцияға басшылық етеди, ғалаба хабар қуралының шығарылыўы ҳаққында шешим қабыл етеди ҳәм оның жумысы ушын нызам ҳүжжетлерине муўапық жуўапкер болады.

Нызам ҳүжжетлери ҳәм шөлкемлестириў ҳүжжетлерине муўапық бас редактор ғалаба хабар қуралының шөлкемлестириўшиси, тарқатыўышысы, мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары және басқа да юридикалық ҳәм физикалық шахслар менен қатнасықларда, сондай-ақ судта редакцияның атынан ис жүргизеди.

**17-статья. Редакция хызметкери**

Редакция штатында турған, материалды топлаў, таллаў, редакторлаў ҳәм таярлаў менен шуғылланыўшы шахс редакция хызметкери болып табылады.

**18-статья. Ғалаба хабар қуралының шығарылыўына байланыслы мағлыўматлар**

Ҳәр бир мезгилли басылымның шығарылыўында төмендеги мағлыўматлар көрсетилиўи шәрт:

мезгилли басылымның атамасы;

мәмлекетлик дизимнен өткерилген сәнеси ҳәм саны;

шөлкемлестириўшиниң атамасы (фамилиясы, аты, әкесиниң аты);

бас редактордың фамилиясы, аты, әкесиниң аты;

ҳәр бири мезгилли басылым шығарылыўы ушын жуўапкер болған редакция хызметкериниң фамилиясы, аты, әкесиниң аты;

тәртип саны ҳәм шығарылған сәнеси, ал, мезгилли баспа басылымлар ушын болса басыўға рухсат берилип, қол қойылған ўақыт (графикте белгиленгени ҳәм ҳақыйқаттағысы);

мезгилли баспа басылымлар ушын – индекси, тиражы, баҳасы ямаса «Келисилген баҳада», «Бийпул» деген жазыўлар;

редакция ҳәм баспахананың жайласқан орны (почта мәнзили).

Теле - , радио -, видео -, кинохроникалық бағдарламаларға ҳәм ғалаба хабарды мезгилли тарқатыўдың басқа электрон формаларына байланыслы мағлыўматлар нызам ҳүжжетлери менен белгиленеди.

## III-БАП. Ғалаба хабар қуралларын мәмлекетлик дизимнен өткериў

### 19-статья. Ғалаба хабар қуралын мәмлекетлик дизимнен өткериў тәртиби

Ғалаба хабар қуралы дизимнен өткериўши уйым тәрепинен мәмлекетлик дизимнен өткериледи (буннан былай тексте дизимнен өткериў деп алынады).

Ғалаба хабар қуралларын дизимнен өткериў тәртиби Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

Ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериў ҳаққындағы арза дизимнен өткериўши уйымға белгиленеген тәртипте шөлкемлестириўши тәрепинен бериледи.

Шөлкемлестириўшиниң ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериў ҳаққындағы арзасы дизимнен өткериўши уйым тәрепинен бир ай мүддет ишинде қарап шығылыўы керек.

Ғалаба хабар қуралын дизимнен өткергенлиги ҳәм қайта дизимнен өткергенлиги ушын нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте ҳәм муғдарда дизимнен өткериў жыйымы алынады.

### 20-статья. Ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериў ҳаққында арза

Ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериў ҳаққындағы арзада төмендегилер көрсетилиўи тийис:

шөлкемлестириўши ҳаққындағы мағлыўматлар;

ғалаба хабар қуралының атамасы, тили ҳәм түри;

мақсет ҳәм ўазыйпалары;

қәнигелесиўи;

тарқатылыў аймағы;

жийилиги;

қаржыландырыў дереклери;

редакцияның жайласқан орны (почта мәнзили) ҳәм редакция ҳаққындағы басқа да мағлыўматлар;

көлеми;

шөлкемлестириўши ҳәм редакция басқа қайсы ғалаба хабар қуралына шөлкемлестириўши, исенимли басқарыўшы, басып шығарыўшы, тарқатыўышы екенлиги ҳаққындағы (барлық аффилленген шахслардың ҳәм олардың ҳәр бириниң редакцияның уставлық қорындағы үлеси муғдарлары көрсетилген) мағлыўматлар.

Ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериў ҳаққындағы арзаға ғалаба хабар қуралының шөлкемлестириў ҳүжжетлери қосымша етиледи.

Егер шөлкемлестириўши бир шахстан ибарат болса, дизимнен өткериўши уйымға усынылатуғын ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериў ҳаққындағы арзаға тек ғана редакция уставы (режеси) қосымша етиледи.

Ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериўде усы статьяда нәзерде тутылғаннан басқаша талаплар қойыў қадаған етиледи.

Усы статьяның биринши бөлиминиң екинши-бесинши абзацларында, сондай-ақ екинши бөлиминде көрсетилген мағлыўматлар ҳәм ҳүжжетлерге ғалаба хабар қуралы дизимнен өткерилгеннен соң өзгерислер киргизилген жағдайда, ол белгиленген тәртипте қайта дизимнен өтиўи шәрт. Қалған жағдайларда шөлкемлестириўши ямаса редакция киргизилген өзгерислер ҳаққында дизимнен өткериўши уйымды бир ай мүддет ишинде жазба түрде хабардар етиўи шәрт.

**21-статья. Дизимнен өткерилмейтуғын ғалаба хабар қураллары**

Төмендегилердиң дизимнен өткерилиўи талап етилмейди:

тек ғана өз рәсмий хабарлары ҳәм материалларын, сондай-ақ нормативлик ҳуқықый ҳүжжетлерди жәриялаў ушын мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары тәрепинен шөлкемлестирлетуғын ғалаба хабар қураллары;

кәрхана, мәкеме, шөлкемниң (соның ишинде оқыў ҳәм илимий мәкемениң) өз зәрүрликлерин қанаатландырыў ушын тиражы жүзге шекемги нусқада шығарылатуғын мезгилли баспа басылымлар;

кабель тармақлары арқалы алып берилетуғын (көрсетилетуғын) теле -, радио-, видео-, кинохроникалық бағдарламалар, сондай-ақ тарқатылыўы бир кәрхана, мәкеме, шөлкем (соның ишинде оқыў ҳәм илимий мәкеме) имараты ҳәм (ямаса) аймағы менен шекленетуғын аудио -, аудиовизуал хабар ҳәм материаллар.

**22-статья. Ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериўден бас тартыў**

Ғалаба хабар қуралын дизимге алыўдан төмендеги жағдайларда бас тартылыўы мүмкин:

ғалаба хабар қуралының мақсет ҳәм ўазыйпалары нызам ҳүжжетлерине қайшы келсе;

ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериў ҳаққындағы арза усы нызамға муўапық ғалаба хабар қуралын шөлкемлестириў ҳуқықына ийе болмаған юридикалық ямаса физикалық шахстың атынан берилген болса;

ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериў ҳаққындағы арзада көрсетилген мағлыўматлар ҳақыйқатқа туўры келмесе;

буннан алдын дәл усындай ямаса алжастырып жибериў дәрежесинде уқсас атамадағы ғалаба хабар қуралы дизимнен өткерилген болса.

Ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериўден бас тартылған жағдайда, бас тартыў тийкарлары көрсетилген жазба хабарнама шешим шығарылғаннан кейин он күн ишинде арза ийесине жибериледи.

Шөлкемлестириўши дизимнен өткериўши уйымның ғалаба хабар қуралын дизимнен өткериўден бас тартыў ҳаққындағы шешими үстинен судқа шағым етиўи мүмкин.

**23-статья. Ғалаба хабар қуралы дизимнен өткерилгенлиги ҳаққындағы гүўалықты ҳақықый емес деп табыў**

Ғалаба хабар қуралы дизимнен өткерилгенлиги ҳаққындағы гүўалық тек ғана суд тәрепинен ҳақыйқый емес деп табылыўы мүмкин.

Ғалаба хабар қуралы дизимнен өткерилгенлиги ҳаққындағы гүўалықтың қәлбеки ҳүжжетлерден пайдаланылған ҳалда алынғанлығы ғалаба хабар қуралы дизимнен өткерилгенлиги ҳаққындағы гүўалықты ҳақыйқый емес деп табылыўы ушын тийкар болады. Бунда дизимнен өткериўши уйым ғалаба хабар қуралы дизимнен өткерилгенлиги ҳаққындағы гүўалықты ҳақыйықый емес деп табыў ҳаққындағы арза менен судқа мүрәжат етиўи шәрт.

Ғалаба хабар қуралы өткерилгенлиги ҳаққындағы гүўалықты ҳақыйқый емес деп табыў туўралы мағлыўмат ғалаба хабар қуралларында жәрияланыўы тийис.

**24-статья. Ғалаба хабар қуралының шығарылыўын тоқтатып турыў ямаса тоқтатыў**

Ғалаба хабар қуралының шығарылыўын тоқтатып турыў ямаса тоқтатыў дизимнен өткериўши уйымның арзасы тийкарында судтың қарарына муўапық әмелге асырылады.

Шөлкемлестириўши ғалаба хабар қуралының шығарылыўын редакция уставында (режесинде) ямаса шөлкемлестириўши ҳәм редакция арасында дүзилген шәртнамада нәзерде тутылған жағдайларда ҳәм тәртипте тоқтатып турыў ямаса тоқтатыўға ҳақылы.

Шөлкемлестириўши ғалаба хабар қуралының шығарылыўын тоқтатып турыў ямаса тоқтатыў ҳаққында шешим қабыл етилгеннен кейин өз шешими ҳаққында дизимге алыўшы уйымды үш күн ишинде жазба түрде хабардар етиўи шәрт. Усы хабарнама бул ғалаба хабар қуралы шығарылыўының тоқтатып турылыўы ямаса тоқтатылыўынан алдын соңғы шығарылыўының бирине жайластырылыўы керек.

Ғалаба хабар қуралының шығарылыўын судтың шешимине муўапық тоқтатып турыў дизимге алыўшы уйым тәрепинен редакцияға қатнаслы шығарылған ескертиўге себеп болған нызам ҳүжжетлери бузылыўы тәкирарлап, жазба ескертиўден кейин бир ай ишинде сапластырылмаған жағдайда әмелге асырылады.

Ғалаба хабар қуралының шығарылыўын қайта баслаў дизимге алыўшы уйым анықлаған нызам ҳүжжетлери бузылыўы сапластырылғанлығын тастыйықлаўшы мағлыўматлар шөлкемлестириўши ҳәм (ямаса) редакция тәрепинен судқа усынылғаннан кейин судтың шешимине муўапық әмелге асырылады.

Ғалаба хабар қуралының шығарылыўын тоқтатыў ҳаққында суд тәрепинен шешим шығарылыўы ушын төмендегилер тийкар болыўы мүмкин:

ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери талаплары редакция тәрепинен турақлы рәўиште бузып келингенлиги, бул ҳаққында дизимге алыўшы уйым тәрепинен шөлкемлестириўши ҳәм (ямаса) редакция атына бурын жазба ескертиўлер жиберилгенлиги;

судтың ғалаба хабар қуралын шығарыўды тоқтатып турыў ҳаққындағы шешими орынланбағанлығы;

ғалаба хабар қуралының алты айдан аслам ўақыт даўамында шығарылмағанлығы;

нызам ҳүжжетлеринде белгиленген басқа да жағдайлар.

ғалаба хабар қуралының шығарылыўын тоқтатыў оның дизимнен өткерилгенлиги ҳаққындағы гүўалықтың ҳәрекет етиўи тоқтатылыўына себеп болады.

Ғалаба хабар қуралының шығарылыўын тоқтатыў ҳаққында шөлкемлестириўши тәрепинен шешим қабыл етилген жағдайда, редакция шөлкемлестириўшиниң рухсаты менен дәл усындай атамадағы ғалаба хабар қуралын белгиленген тәртипте шөлкемлестириўге ҳақылы. Бундай жағдайда ғалаба хабар қуралын қайта дизимнен өткериў талап етиледи.

## IV-БАП. Ғалаба хабар қураллары өнимин тарқатыў. Ғалаба хабар қураллары базарын монополияластырыўға жол қойылмаўы

### 25-статья. Ғалаба хабар қураллары өними

Дәўирли баспа басылымның өз алдына санының тиражы ямаса тиражының бир бөлеги яки теле-, радио-, видео-, кинохроникалық бағдарламалардың ҳәм ғалаба хабарды мезгилли тарқатыўдың басқа да электрон тәриздеги өз алдына шығарылыўы ғалаба хабар қуралларының өними болып табылады.

### 26-статья. Ғалаба хабар қураллары өнимин тарқатыў

Ғалаба хабар қуралы өнимин тарқатыў тиккелей редакция тәрепинен, сондай-ақ белгиленген тәртипте юридикалық ҳәм физикалық шахслар тәрепинен шәртнама тийкарында әмелге асырылыўы мүмкин.

Баспа ғалаба хабар қураллары өнимин тарқатыў оларға жазылыўды шөлкемлестириў, сондай-ақ усақлап сатыў тармағы арқалы әмелге асырылады. Дизимнен өткерилген мезгилли баспа басылымлар тиражын усақлап саўда арқалы, соның ишинде қолда сатыў басылымлардың редакцияларының штаттағы тарқатыўшылары тәрепинен ямаса саўда тармағына ийе болған юридикалық шахслар, сондай-ақ жеке тәртиптеги исбилерменлер тәрепинен, нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

Ғалаба хабар қуралының ҳәр бир өз алдына шығарылыўының тарқатылыўына бас редактор оның шығарылыўы ушын рухсат бергеннен соң ғана жол қойылады.

Көрсетиў ҳәм еситтириў үзиликсиз даўам еткенде ғалаба хабар қуралы өниминиң тарқатылыўына бас редактор дәслепки рухсат берген пайыттан баслап және көрсетиў ҳәм еситтириўдеги тәнеписке дейин жол қойылады.

**27-статья. Мезгилли баспа басылымның электрон версиясы**

Мезгилли баспа басылымның электрон версиясы мезгилли баспа басылымды тарқатыў усылларынан бири болып табылады.

Тийисли мезгилли баспа басылымның баспа ҳәм электрон версияларының мазмуны бир қыйлы болған ҳәм нызам ҳүжжетлери талапларына бойсынылған жағдайда, мезгилли баспа басылым редакциясы мезгилли баспа басылымның электрон версиясын өз алдына ғалаба хабар қуралы сыпатында дизимнен өткерместен тарқатыўға ҳақылы.

Мезгилли баспа басылымның баспа версиясында бар болған реклама хабарларының электрон версиядан алып тасланыўы ҳәм (ямаса) пүткиллей яки бир бөлегинде алмастырылыўы, сондай-ақ электрон версияда берилген материаллар көлеминиң баспа версиядағыға салыстырғанда қысқартылыўы мазмунының бир қыйлылығы бузылыўы деп қаралмайды.

Мезгилли баспа басылымның редакциясы мезгилли баспа басылымның электрон версиясы тарқатылыўы ҳаққында дизимнен өткериўши уйымды жазба түрде хабардар етиўи шәрт.

**28-статья. Мезгилли баспа басылымларға қосымшалар**

Мезгилли баспа басылымлар қосымшалар менен шығарылыўы мүмкин.

Қосымшалар қайсы мезгилли басылымға тийисли болса, оларда усы тийкарғы мезгилли баспа басылымның атамасы көрсетилиўи керек.

мезгилли баспа басылымның өз алдына атамаға ийе болған қосымшаларына өз алдына ғалаба хабар қуралы сыпатында қаралады ҳәм ол улыўма тийкарларда дизимнен өткерилиўи тийис.

**29-статья. Қадағалаў нусқалары ҳәм мәжбүрий нусқалар**

Мезгилли баспа басылымның қадағалаў нусқалары редакцияға, шөлкемлестириўшиге ҳәм дизимнен өткериўши уйымға бийпул жибериледи.

Мезгилли баспа басылымның мәжбүрий нусқалары жиберилетуғын мәкемелер ҳәм шөлкемлердиң дизими Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен белгиленеди.

**30-статья. Ғалаба хабар қураллары базарын монополияластырыўға жол қоймаў**

Ғалаба хабар қураллары базарын монополияластырыўға жол қойылмайды.

Ҳеш бир юридикалық ямаса физикалық шахс ғалаба хабар қуралларының тийисли орайлық ямаса жергиликли базарына шығарылатуғын ғалаба хабар

қуралларының жигирма бес процентиниң асламына шөлкемлестириўши (биргеликтеги шөлкемлестириўши) болыўға ҳәм (ямаса) оларды усындай муғдарда өз мүлкинде, ийелигинде, пайдаланыўында, бийлигинде, жүргизиўинде ямаса басқарыўында (тиккелей ямаса аффилленген шахслар арқалы) сақлаўға ҳақылы емес.

**31-статья. Қарақалпақстан Республикасы аймағында сырт ел ғалаба хабар қураллары өнимлерин тарқатыў**

Қарақалпақстан Республикасы аймағында сырт ел ғалаба хабар қураллары өнимлерин тарқатыў Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети белгилейтуғын тәртипке, сондай-ақ Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамаларына муўапық әмелге асырылады.

Сырт ел ғалаба хабар қураллары тәрепинен ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери талаплары бузылған жағдайда, олардың өнимин Қарақалпақстан Республикасы аймағында тарқатыў тоқтатылыўы мүмкин.

## V-БАП. Ғалаба хабар қуралларының пуқаралар ҳәм шөлкемлер менен қатнасықлары

**32-статья. Авторлық материаллардан ҳәм хатлардан пайдаланыў**

Ғалаба хабар қуралларында авторлық материаллардан, илим, әдебият ҳәм көркем өнер шығармаларынан нызам ҳүжжетлерине муўапық пайдаланылыўына жол қойылады.

Редакцияға келген хатларды жәриялаўға таярлаў пайытында олардың мазмунын бузбаған ҳалда текстин қысқартыў ҳәм редакторлаўға жол қойылады.

Редакция нызамлы тийкарда қайтарған материалды ғалаба хабар қуралында мәжбүрлеп жәриялатыўға ҳеш ким ҳақылы емес.

**33-статья. Мәлимлеме дәрегин жәрия етпеў**

Редакция өз атын жәрия етпеў шәрти менен берилген мәлимлеме, мағлыўматлар, фактлар ямаса дәлиллер дерегиниң атын, сондай-ақ лақабын қойған автордың атын олардың жазба түрдеги келисимисиз жәрия етиўге ҳақылы емес.

Редакция мәлимлеме дерегиниң ямаса лақабын қойған автордың талабына муўапық олардың атынан судта қатнасыўы мүмкин.

**34-статья. Бийкарлаў ямаса жуўап қайтарыў ҳуқықы**

Юридикалық ямаса физикалық шахс ғалаба хабар қуралында жәрияланған, ҳақыйқатқа туўры келмейтуғын ҳәм өзиниң абырайына және ар-намысы яки исшеңлик абыройына шек келтириўши мағлыўматлар ушын бийкарлаў бериўди редакциядан талап етиўге ҳақылы.

Жәрияланған материал себепли ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплери бузылған юридикалық ҳәм физикалық шахслар усы ғалаба хабар қуралында бийкарлаў ямаса жуўапты жәриялаўға ҳақылы. Жуўап ямаса бийкарлаў жуўап берилиўине себеп болған материал басылған дәл усы бетте арнаўлы рубрика астында жәрияланыўы тийис.

Бийкарлаў ямаса жуўап газеталарда олар алынған күннен баслап бир ай мүддет ишинде, басқа дәўирли басылымларда гезектеги санда жәрияланыўы шәрт.

Теле-, радио-, видео-, кинохроникалық бағдарламалар ҳәм ғалаба хабарды мезгилли тарқатыўдың басқа да электрон версиялары редакциясы тәрепинен алынған бийкарлаў ямаса жуўап усы бағдарлама ямаса дүркимде, келген күннен баслап бир айдан кешиктирмей эфирге бериледи.

Егер бийкарлаў ямаса жуўапты жәриялаў көлеми ҳәм ўақты ғалаба хабар қуралының жумысына зыян келтириўи мүмкин болса, текстти мәлимлеме дереги ямаса автор менен келисилген ҳалда тийкары редакторлаўға жол қойылады.

Ғалаба хабар қуралы бийкарлаўды, жуўапты жәриялаўдан бас тартса ямаса оларды жәриялаў ушын белгилеп қойылған мүддетти бузса, юридикалық ямаса физикалық шахс даўа арза менен судқа мүрәжат етиўге ҳақылы.

### 35-статья. Рәсмий хабарлар ҳәм мәлимлемелерди жәриялаў

Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары тәрепинен шөлкемлестирилген ғалаба хабар қураллары усы уйымлардың рәсмий хабарлары ҳәм материалларын, сондай-ақ нормативлик – ҳуқықый ҳүжжетлерди жәриялаўы шәрт.

Айырықша жағдайлар ҳаққындағы қыстаўлы хабарлар ямаса ўәкилликли мәмлекетлик уйымлар тәрепинен жәмийетшиликке тезлик пенен билдириў мақсетинде берилген хабарлар барлық ғалаба хабар қуралларында жәрияланады.

Судтың дәл усы ғалаба хабар қуралында жәриялаў ҳаққындағы көрсетпеси болған, нызамлы күшке кирген шешимин редакция суд шешиминде көрсетилген мүддетте бийпул жәриялаўы шәрт.

Усы статьяның биринши – үшинши бөлимлеринде нәзерде тутылғанынан басқа ҳәр қандай мәлимлеме, хабар ҳәм дағаза редакция менен дүзилетуғын шәртнама тийкарында жәрияланады.

## VI-БАП. Жуўмақлаўшы режелер

### 36-статья. Мәлимлеме агентликлери

Усы Нызам мәлимлеме агентликлерине қолланылған жағдайда, оларға бир ўақыттың өзинде ғалаба хабар қуралының редакциясы, басып шығарыўшысы, тарқатыўышысы статусы ҳәм ҳуқықый режими қолланылады.

Мәлимлеме агентликлери тәрепинен шөлкемлестирлетуғын, турақлы атамаға ийе болған бюллетень, хабарнама, басқа да басылым ямаса бағдарлама усы Нызамда белгиленген тәртипте дизимнен өткериледи.

Мәлимлеме агентлигиниң хабарлары ҳәм материаллары басқа ғалаба хабар қуралы тәрепинен тарқатылған жағдайда, мәлимлеме агентлигиниң атамасы көрсетилиўи шәрт.

**37-статья. Халықаралық бирге ислесиў**

Ғалаба хабар саласындағы халықаралық бирге ислесиў халықаралық ҳуқықтың улыўма тән алынған принциплери ҳәм нормалары, сондай-ақ Өзбекстан Республикасының халықаралық шәртнамалары ҳәм нызам ҳүжжетлери тийкарында әмелге асырылады.

**38-статья. Сырт ел ғалаба хабар қуралларының ўәкилханалары ҳәм ўәкиллерин аккредитациялаў**

Сырт ел ғалаба хабар қуралларының ўәкилханалары ҳәм ўәкиллери Өзбекстан Республикасы Сыртқы ислер министрлигинде аккредитацияланғаннан кейин Өзбекстан Республикасында өз жумысын әмелге асырады.

Сырт ел ғалаба хабар қуралларының Қарақалпақстан Республикасында аккредитацияланған ўәкилханалары ҳәм ўәкиллериниң ҳуқықый статусы ҳәм кәсиплик жумысын әмелге асырыў шәртлери нызам ҳүжжетлери менен белгиленеди.

**39-статья. Тартысларды шешиў**

Ғалаба хабар қуралларының шөлкемлестирилиўи, жумыс алып барыўы ҳәм жумысының тоқтатылыўы саласында жүзеге келетуғын тартыслар нызам ҳүжжетлеринде белгиленген тәртипте шешиледи.

**40-статья. Ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы Нызам ҳүжжетлерин бузғанлығы ушын жуўапкерлик**

Ғалаба хабар қураллары ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин бузғанлықта айыплы болған шахслары белгиленген тәртипте жуўапкер болады.

Бас редактор, сондай-ақ журналист ғалаба хабар қуралларында ҳақыйқатқа сәйкес келмейтуғын материалларды тарқатқанлығы ушын төмендеги жағдайларда жуўапкер болмайды:

егер бул мағлыўматлар рәсмий хабарлардан, нормативлик – ҳуқықый ҳүжжетлерден ямаса рәсмий статистика есабатлары мағлыўматларынан ямаса мәлимлеме агентликлери яки мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымларының баспасөз хызметлери арқалы алынған болса;

егер бул мағлыўматлар алдын-ала жазып алынбастан эфирге берилетуғын авторлық шығыўларда бар болса ямаса шығыўлардың сөзбе-сөз тәкирарланыўы (стенография-, аудио-, видеожазыўы) болса.